

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Bab ieu medar ngeunaan (1) desain panalungtikan; (2) sumber data panalungtikan; (3) prosedur panalungtikan; (4) instrumén panalungtikan; (5) téhnik analisis data; (6) téhnik analisis data; jeung (7) uji sipat data.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain didieu ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalayan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén atawa sok disebut ékspérimén semu. Sedengkeun dina ngalaksanakeun panalungtikanna dilaksanakeun léngkah-léngkah saperti *pretest*, *treatment* jeung *posttest*. Dina prak-prakan panalungtikanna siswa kelas X-A ngalaksanakeun *pretest* jeung *posttest*. *Pretest* dilaksanakeun di kelas saméméh dilarapkeun média *scrapbook* binarung aplikasi *canva* ieu dilaksanakeun pikeun ninggali kamampu awal siswa kelas X-A dina nulis sajak, dina *treatment* panalungtik ngalarapkeun média *scrapbook* binarung aplikasi *canva* dina pangajaran sajak, léngkah anu pamungkas nyaéta *posttest* ieu léngkah dilaksanakeun sabada dilarapkeun média *scrapbook* binarung aplikasi *canva* nu tangtuna miboga tujuan nyaéta naha pangajaran nulis sajak sabada ngagunakeun ieu média téh ngaronjat atawa henteu.

(Sugiyono, 2017, kc. 107) ngajelaskeun yén métode ékspérimén dipaké pikeun néangan pangaruh tina hiji perlakuan nu tangtu dina kayaan anu terkendali. Kuasi ékspérimén kabagi jadi tilu jenis desain diantaranya (1) *One-Shot Case Study*, (2) *One-Group Pretest-Posttest Design* jeung (3) *Intac-Group Comparison*. Dina panalungtikanana ngagunakeun *One-group pretest-posttest design* nu di tabél keun saperti di handap.

Tabél 3.1

Desain Panalungtikan

<i>Pre-test</i>	<i>Treatment</i>	<i>Post-test</i>
O1	X	O2

(Sugiyono, 2017, kc. 111)

O1= *Pretest* (ngukur pangaweruh awal nulis sajak saméméh dilarapkeun média *scrapbook* binarung aplikasi *canva*).

X= *Treatment* (diajar nulis sajak ngagunakeun média *scrapbook* binarung aplikasi *canva*).

O2= *Posttest* (kamampuh nulis sajak sabada ngagunakeun média *scrapbook* binarung aplikasi *canva*).

3.2 Sumber Data Panalungtikan

SMAN 1 Pangaléngan mangrupa sakola nu dijadikeun tempat panalungtikan, nu mana lokasina di Jln. Kb. Kopi No.145, Des. Margamulya, Kec. Pangaléngan, Kabupatén Bandung, Jawa Barat. Sedengkeun X-A SMAN 1 Pangaléngan Kabupatén Bandung Taun Ajaran 2024/2025 nu jadi sumber datana. Sumber data di tabél keun saperti di handap ieu.

Tabél 3.2


Jumlah siswa kelas X-A SMAN 1 Pangaléngan

Lalaki	Awéwé	Jumlah
20	19	39

3.3 Prosedur Panalungtikan

Nalika ngalaksanakeun prosedur panalungtikan tangtuna miboga sawatara hal nu miboga mangpaat pikeun mantuan dina prosés ngalaksanakeun panalungtikan. Prosedur panalungtikan kudu aya nalika urang ngalaksanakeun panalungtikan sabab ku ayana prosedur panalungtikan téh bisa jadi leuwih sistematis. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén kalayan ngagunakeun pamarékan kuantitatif, dina panlungtikanana digunakeun *desain one-group pretest-posttest design*, sarta prak-prakan panalungtikanna ngagunakeun média *scrapbook* binarung aplikasi *canva*. Anapon léngkah-léngkah pikeun ngalaksanakeun prosedur panalungtikan bisa dititéan dina bagan ieu.

Bagan 3.1
Prosedur Panalungtikan



Dumasar bagan di luhur, dina ngalaksanakeun panalungtikan aya sababaraha prosedur anu dilaksanakeun. Dina prosedur anu kahiji panalungtik tatahar jeung ninggali naon nu jadi pasualan dina pangajaran di sakola hususna dina pangajaran basa Sunda. Didieu panalungtik datang ka sakola pikeun ngalaksanakeun obsérvasi ku cara ngobrol ngeunaan pasualan naon waé nu karandapan ku siswa nalika diajar

basa Sunda di kelas hususna dina pangajaran nulis sajak ka guru mata pelajaran basa Sunda di SMAN 1 Pangaléngan. Sabada ngalaksanakeun obsérvasi jeung nangtukeun pasualan panalungtik nangtukeun média pangajaran nu cocog pikeun ngalaksanakeun panalungtikan jeung tangtuna nu bisa ngungkulan pasualan nu aya dina pangajaran nulis sajak, didieu panalungtik milih média *scrapbook* binarung aplikasi *canva*. Pamarekan kuantitatif digunakeun kalayan métode kuasi ékspérimén pikeun ngumpulkeun data panalungtikana nu dilaksanakeun di kelas X-A SMAN 1 Pangaléngan. Sabada média geus ditangtukeun panalungtik tatahar pikeun kaperluan panalungtikan anu séjénna. Sabada bérés tatahar, panalungtik ngalaksanakeun *pretest* jeung *posttest* pikeun ngumpulkeun data panalungtikan, prosedur ieu dilaksanakeun pikeun ninggali léngkah awal siswa nulis sajak saméméh jeung sabada dilarapkeun média *scrapbook* binarung aplikasi *canva*. Nalika data anu dikumpulkeun geus nyumponan, data tuluy diolah jeung dianalisis ngaliwatan *Software Statistical and Service Solutions* (SPSS) versi 27 nu miboga tujuan pikeun mikanyaho béda anu signifikan antara kamampuh nulis sajak siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média *scrapbook* binarung aplikasi *canva*. Sabada hasil olah data jeung analisis kaluar, panalungtik tuluy mawa kacindekan pikeun hasil ahir tina ieu panalungtikan naha média *scrapbook* binarung aplikasi *canva* bisa ngungkulan pasualan dina nulis sajak atawa henteu. Hasil ahir tina ieu panalungtikan bisa dijieun rujukan atawa rekomendasi pikeun panalungtikan anu bakal datang.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Panalungtikan ieu ngagunakeun instrumen nulis pikeun téсна, nu mana dina ngalaksanakeun téس tulisna ngagunakeun média digital. Dina panalungtikan dilaksanakeun *pretest* didieu siswa acan dibéré perlakuan sedengkeun dina *posttest* siswa geus dibéré perlakuan ngagunakeun média *scrapbook* binarung aplikasi *canva*. Dina ieu *pretest* siswa dibéré pancén nyieun sajak dina kertas anu geus dibagikeun sanggeus kitu dilaksanakeun *treatment* nu akhirna siswa dibéré *posttest*

pikeun mikanyaho kumaha hasil tina ieu média pangajaran. Anapon instrumén panalungtikanna bisa dititénan di handap.

Tabél 3.3

Tés tulis *Pretest*

Lembar Tés Nulis Sajak (<i>Pretest</i>)
Wasta : No. Absén : Kelas : Pék jieun hiji sajak anu témana bébas, panjangna dua pada nu eusina merhatikeun kasaluyuan téma jeung eusi, kréativitas, diksi (pilihan kecap), tata basa, éjahan jeung tanda baca, sarta karapihan tulisan!

Tabél 3.4

Tés tulis *Posttest*

Lembar Tés Nulis Sajak (<i>Posttest</i>)
Wasta : No. Absén : Kelas : Pék jieun hiji sajak anu témana bébas, panjangna dua pada nu eusina merhatikeun kasaluyuan téma jeung eusi, kréativitas, diksi (pilihan kecap), tata basa, éjahan jeung tanda baca, sarta karapihan tulisan. Kerjakeun dina aplikasi canva!

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Panalungtikan didieu dilaksanakeun ngaliwatan tés tulis nu dipadukeun jeung média digital nu tujuanna pikeun ngumpulkeun hasil tina kamampuh nulis sajak siswa siswi kelas X-A SMAN 1 Pangaléngan Kabupatén Bandung Taun Ajaran

Sri Rahayu, 2025

MÉDIA SCRAPBOOK BINARUNG APLIKASI CANVA DINA PANGAJARAN NULIS SAJAK
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2024/2025 saméméh jeung sabada dilarapkeunna média *scrapbook* binarung aplikasi *canva* dina pangajaran nulis sajak. Tés kahiji nyaéta *pretest* dilaksanakeun pikeun ninggali kamampuh awal siswa saméméh dilaksanakeun *treatment* maké média *scrapbook* binarung aplikasi *canva*. Sedengkeun *posttest* miboga tujuan pikeun ninggali hasil akhir siswa dina nulis sajak sabada média *scrapbook* binarung aplikasi *canva* dilarapkeun dina pangajaran di kelas.

Anapon dina ngumpulkeun data panalungtikan miboga sababaraha léngkah saperti ieu di handap.

- (1) Nalika diajar di kelas siswa diajarkeun matéri sajak nu mana acan ngagunakeun média *scrapbook* binarung aplikasi *canva*.
- (2) *Pretest* dilaksanakeun pikeun ngukur pangaweruh siswa dina nulis sajak.
- (3) *Treatment* dilaksanakeun pikeun nepikeun média *scrapbook* binarung aplikasi *canva* dina pangajaran nulis sajak.
- (4) *Posttest* dilaksanakeun sabada *treatment* nu mana bisa ditinggali hasil ahirna aya pangaruh atawa henteu kana kaparigelan nulis siswa hususna dina nulis sajak.

Hasil tina *pretest* jeung *posttest* digunakeun pikeun ninggali hasil ahir naha aya pangaruh atawa henteu média pangajaran *scrapbook* binarung aplikasi *canva* pikeun pangajaran nulis sajak.

3.6 Téhnik Analisis Data

Téhnik analisis data mangrupa téhnik ngolah tur analisi hasil nu dikumpulkeun salila panalungtikan dilaksanakeun. Tujuan analisis data nyaéta pikeun mikanyaho hasil saméméh ngalarapkeun média *scrapbook* binarung aplikasi *canva* jeung sanggeus dilarapkeun média *scrapbook* binarung aplikasi *canva*. Anapon léngkah anu dipaké pikeun nganalisis hasil ahir tina ieu panalungtikan bisa dititénan di handap.

- (1) Niténan hasil nulis sajak tina *pretest* jeung *posttest* luyu jeung kritéria, dina ieu tabél.

Tabél 3.5

Rubrik Meunteun Nulis Sajak

No	Aspék	Skor	Kritéria
A	Eusi	(21-25)	Hadé pisan: eusi sajak luyu pisan jeung téma anu dibawa, sajakna ogé alus pisan.
		(16-20)	Hadé: eusi sajak lumayan luyu jeung téma, sajakna alus.
		(11-15)	Cukup: eusi sajak kurang luyu jeung téma, sajakna kurang alus.
		(5-10)	Kurang: eusi sajak teu luyu jeung téma.
B	Kréativitas	(18-20)	Hadé pisan: kréatif pisan jeung orisinal.
		(14-17)	Hadé: kréatif jeung orisinal.
		(10-13)	Cukup: kurang kréatif jeung kurang orisinal.
		(7-9)	Kurang: teu kréatif jeung teu orisinal.
C	Diksi (Pilihan Kecap)	(18-20)	Hadé Pisan: ngagunakeun pilihan kecap jeung nyusun kecap alus tur merenah.
		(14-17)	Hadé: ngagunakeun pilihan kecap jeung nyusun kecap alus sok sanajan saeutik kamalayan.
		(10-13)	Cukup: ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap kurang merenah saeutik kamalayan.
		(7-9)	Kurang: ngagunakeun pilihan kecap jeung nyusun kecap teu merenah jeung kamalayan pisan.

No	Aspék	Skor	Kritéria
D	Tata basa jeung Struktur	(22-25)	Hadé pisan: ngawasa pisan tatabasa, struktur kalimah bener, saeutik kasalahan dina nyusun kalimah jeung kekecapan.
		(18-21)	Hadé: ngawasa tatabasa sok sanajan basajan, struktur kalimah bener, saeutik kasalahan dina nyusun kalimah tapi teu ngarobah makna.
		(11-17)	Cukup: kurang maham kana tatabasa, kurang ngawasa struktur, loba kasalahan dina nyusun kalimah.
		(5-10)	Kurang: teu ngawasa tatabasa, teu ngawasa struktur kalimah jeung loba kasalahan dina nyusun kalimah sarta ngarobah makna.
E	Panulisan (éjahan jeung tanda baca)	(5)	Hadé pisan: ngawasa pisan kana panulisan kecap jeung éjahan.
		(4)	Hadé: ngawasa kana panulisan kecap jeung éjahan, saeutik kasalahan.
		(3)	Cukup: kurang ngawasa panulisan kecap jeung éjahan, loba kasalahan.
		(2)	Kurang: teu ngawasa panulisan kecap jeung éjahan, loba pisan kasalahan tulisan hésé kabaca.
F	Karapihan Tulisan	(5)	Hadé pisan: kabaca, bersih jeung rapih.
		(4)	Hadé: kabaca, bersih, tapi teu rapih.

No	Aspék	Skor	Kritéria
		(3)	Cukup: kabaca, teu bersih jeung teu rapih.
		(2)	Kurang: teu kabaca, teu bersih jeung teu rapih.

(dimodifikasi tina Djumingin, 2017, kc. 280)

- (2) Méré peunteun kana *pretest* jeung *posttest* luyu jeung peniléyan saperti di handap.

$$P = \frac{\text{skor nu kahontal}}{\text{skor maksimal}} \times 100$$

Keterangan:

KKM : 75

Peunteun Maksimal : 100

Tabél 3. 6

Katégori Peniléyan

Interval Niléy	Kategori Peniléyan
85-100	Hadé Pisan
75-84	Hadé
65-74	Cukup
55-64	Kurang
<54	Kurang Pisan

(Abdullah, 2024)

- (3) Ngasupkeun peunteun *pretest* jeung *posttest* kana tabél nu geus ditangtukeun saperti di handap.

Tabél 3. 7
Aspék Nu Di Peunteun

NAS	Aspék Kamampuh Nulis Sajak						P	Katégori
	A	B	C	D	E	F		
Σ								
Rata-rata								

Katerangan:

NAS = Nomor Absén Siswa

A = Eusi

B = Kréativitas

C = Diksi (pilihan kecap)

D = Tatabasa jeung Struktur

E = Panulisan (éjahan jeung tanda baca)

F = Karapihan Tulisan

P = Peunteun

Σ = Jumlah Peunteun

Katégori = Hadé Pisan, Hadé, Cukup, Kurang, Kurang Pisan.

- (4) Nyindekkeun tina hasil *pretest* jeung *posttest* anu geus dijumlahkeun nurutkeun tabél di luhur jeung naha ieu média *scrapbook* binarung aplikasi *canva* téh *éféktif* atawa henteu pikeun pangajaran nulis sajak.

3.7 Uji Sipat Data

Uji sipat data miboga tujuan pikeun niténan data panalungtikan nu dikumpulkeun, panalungtikan didieu ngagunakeun uji normalitas pikeun ngukur normal atawa henteu data anu geus dikumpulkeun salila panalungtikan jeung uji hipotésis dilaksanakeun pikeun nguji bebeneran nu pakait antara variabel dina panalungtikan, nepi panalungtik bisa narik kacindekan nu didukung ku data. Data

anu geus dikumpulkeun baris diolah ngagunakeun aplikasi *Software Statistical and Service Solutions* (SPSS) versi 27, SPSS mantuan pisan panalungtik dina nganalisis, ngolah jeung ngitung hasil panalungtikan.

3.7.1 Uji Normalitas

Uji normalitas didieu fungsina pikeun nganalisis hiji sampel naha miboga distribusi normal atawa henteu. Ieu mangrupa hal anu penting ku sabab jadi salasahiji sarat dina ngalaksanakeun analisis statistik parametrik. Uji normalitas bisa dilaksanakeun ku sababaraha uji saperti, *Kurtosis*, *Kolmogorov Smirnov*, *Liliefors*, *Shapiro Wilk*. Sedengkeun dina ieu panalungtikan ngagunakeun *Shapiro Wilk* ku cara ngagunakeun aplikasi *Software Statistical and Service Solutions* (SPSS) versi 27 dipaké dina nguji normalitas. Hipotésis normalitas di uji dijéntrékeun di handap.

H_0 = Data miboga distribusi normal.

H_1 = Data miboga distribusi henteu normal.

Kritéria nguji didieu ku taraf *signifikansi* 95% ($\alpha = 0,05$). H_0 ditarima, lamun hiji variabel leuwih gedé tina niléy *signifikansi* (*sig*) $\geq 0,05$ kaasup distribusi normal H_0 ditarima, lamun hiji variabel leuwih leutik niléy *signifikansi* (*sig*) $\leq 0,05$ kaasup distribusi teu normal H_1 ditolak.

3.7.2 Uji Hipotésis

(Sugiyono, 2017, kc. 224) hipotésis miboga harti salaku jawaban samentara pikeun rumusan masalah panalungtikan. Sedengkeun sacara statistik hipotésis diartikeun salaku pernyataan ngeunaan kaayan populasi (parameter) nu bakal diuji bebenerana dumasar data nu dicangking tina sampel panalungtikan (statistik). Uji hipotésis anu miboga data distribusi normal di uji ngaliwatan statistik paramétrik ngaliwatan *T-test*, sedengkeun distribusi data teu normal di uji ngaliwatan statistik non-paramétrik *Wilcoxon Match Pairs Test*. Dina nguji hipotésis ngaliwatan *Software Statistical and Service Solutions* (SPSS) versi 27. Ieu di handap mangrupa léngkah nu kudu dilakukeun pikeun nangtukeun hipotésis.

Hipotesis nol (H_0) : teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis sajak saméméh jeung sabada ngagunakeun média *scrapbook* binarung aplikasi *canva* siswa kelas X-A SMAN 1 Pangaléngan Kabupatén Bandung Taun Ajaran 2024/2025.

Hipotesis Alternatif (H_1) : aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis sajak saméméh jeung sabada ngagunakeun média *scrapbook* binarung aplikasi *canva* siswa kelas X-A SMAN 1 Pangaléngan Kabupatén Bandung Taun Ajaran 2024/2025.

Nilik kana hipotesis, kritéria nguji dijéntrékeun di handap.

H_0 ditarima sedengkeun H_1 ditolak, saupama niléy *signifikansi* (sig) $\geq 0,05$.

H_1 ditarima sedengkeun H_0 ditolak, saupama niléy *signifikansi* (sig) $\leq 0,05$.